RICK SCOTT
GOVERNOR

JUSTIN M. SENIOR
SECRETARY

HeadOfHousehold
AddressLine1 AddressLine2
RecipientCity RecipientState 1234567890

27 jen, 2017

Byenveni nan pwogram (MMA) Medicaid ki kontwole Asistans Medikal. Pwogram MMA a se yon pati nan pwogram Medicaid ki kontwole Swen Pou Tout Eta-a. Nan pwogram nan, ou ka chawzi plan MMA ki pi bon pou ou an. Suiv etap de 1 a 3, pou'w ka fè yon chwa.

**Pou'w ka aksès dosye-a pi vit, tanpri itilize PIN sekirite sa-a pou'w anwole: XXXX**

**ENPÒTAN: Si ou chwazi pou pa chanje plan ou, moun yo ki nan lis nan Etap 2 yo pral kontinye enskri nan plan ki nan lis anba a.**

**Non Plan:** HealthPlanName **Dat Plan Kòmanse:** 7/1/2017

**Si ou vle chanje a yon diferan plan swiv etap 1-3 anba a pou fè yon chanjman.**

## Etap 1: *Gade*



Gade enfòmasyon ki nan feyè sa-a, Li entegre:

- Enfòmasyon sou pwogram MMA-a
- Lis plan ki nan Rejyon'w lan
- Yon lis benefis an plis ke plan-an(yo) ofri
- Etap ou bezwen pase yo pou'w rantre nan on plan
- Kòman pou'w anwole sou entènèt oubyen pa telefòn
- Repons sou kesyon yo poze souvan

Ou kapab jwenn menm enfòmasyon sa yo tou sou entènèt nan:
www.flmedicaidmanagedcare.com

## Etap 2: *Chwazi*



Pou chak moun ki, w'ap bezwen:

- ane nesans **ak**
- swa ID Medicaid la Oswa nimewo Kat lò.

| Non | # Medicaid-la |
|---|---|
| RecipientName | 1234567890 |

## Etap 3: *Anwole*



**Sou entènèt nan:** **OUBYEN** **Rele**

www.flmedicaidmanagedcare.com

**Sil vou plè, Pran not:** Si ou chwazi pou'w enskri sou entènèt la, w'ap bezwen itilize PIN sekirite ki anlè-a. Lè w'ap itilize PIN lan, w'ap oblije genyen ID Medicaid ou oubyen nimewo ki sou kat lò-a tou.

Liy asistans gratis lan nan 1-877-711-3662 pou pale avèk yon konseyè chwa oubyen mande pou'w rankontre avèk youn.

Pou plis enfòmasyon, Tanpri gade feyè ki nan pake'w la.

**Tanpri li dèyè lèt sa.**

Adrès de Retou: Agency for Health Care Administration 2727 Mahan Drive, MS 62 Tallahassee, FL 32308
Sant apèl la opere: Lundi-Jeudi: 8 a.m. - 8 p.m.; Vendredi: 8 a.m. - 7 p.m. TDD/TTY SELMAN, rele 1-866-467-4970
Si ou bezwen materyèl an gran lèt, odyo, oubyen bray rele Liy asistans Gratis-la 1-877-711-3662.

**Tanpri sonje:** Si elijibilite Medicaid ou chanje, ou gen dwa pa kapab antre nan yon plan MMA. Asire ke ou kenbe tout randevou e voye tout enfòmasyon yo mande nan Depatman Timoun ak Fanmi oswa Administrasyon Sekirite Sosyal ki gen rapò ak elijibilte ou.

**Kisa k ap pase apre?**

- Kounye a ou nan Medicaid. Ou ka kòmanse resevwa sèvis.
- Plan MMA ou (yo) ap voye kat Idantifikasyon (yo), yon manyèl manm, ak yon lis founisè.
- Si ou pa te chwazi yon Doktè Prensipal (PCP), plan ou pral chwazi yon pou ou. Ou ka chanje doktè prensipal (PCP) ou nenpòt lè si'w rele plan sante w.
- Pran yon randevou ak founisè ou a pou yon kontwòl.
- Si w gen kesyon sou sèvis plan sante w ofri, rele plan sante a.

## DWA'W POU CHANJE PLAN

Kou ou fin enskri nan plan'w lan, w'ap genyen 120 jou pou chanje plan. Si ou vle chwazi yon lòt plan. Ou oblije fè sa avan 10/29/2017. Aprè dat sa-a si ou ta renmen chanje plan, w'ap kapab fè sa, sèlman yon fwa pa ane nan tan espesyal ki rele Anwolman Ouvri-a. Avan peryòd Anwolman Ouvri-a kòmanse, w'ap resevwa yon lèt ki pou raple'w, avèk enfòmasyon de chwa ou ka fè yo.

Si ou ta renmen chanje plan nan tan ki pa nan peryòd Anwolman Ouvri-a, w'ap oblije genyen yon bon rezon ke leta apwouve. Pou plis enfòmasyon oubyen pou'w ka konnen si'w gen yon bon rezon, rele 1-877 -711-3662 oubyen vizite www.flmedicaidmanagedcare.com .